

Enfomasyon de baz sou Paròl: Sa Ou Bezwen Konnen Sou Paròl

Kisa paròl ye?

Paròl se yon otorizasyon **tanporè** ke yo ba w pou antre oswa rete Ozetazini pou moun ki pa sitwayene ki pa gen yon baz legal pou rантre peyi a.

Lè yo bay paròl, **sapa** ba ou okenn estati imigrasyon. Si paròl ou fini, ou retounen nan menm estati imigrasyon ou te genyen anvan yo te bay ou paròl.

Diferan pwogram paròl

Inifye pou Ikrèn

Paròl Imanitè oswa pou moun ki gen Avantaj Enpòtan

Operasyon zanmi refijye/Byenveni

Paròl Imanitè pou Kibon, Ayisen, Nikaragwéy, ak Venzayelen (CHNV)*

Kenbe Fanmi Ansanm (KFT)*

Pwogram Paròl Pou Timoun Lamerik Santral/Central American Minor (CAM)

Paròl Militè an plas

Paròl nan Pò

Nouvèl Enpòtan Sou Paròl

* Aministrasyon Biden nan pa ofri yon pwosesis pou reaplike pou paròl pou moun ki nan pwogram CHNV la. Sa vle di moun ki gen paròl nan pwogram sa a bezwen chèche lòt opsyon pou rete Ozetazini ak kenbe otorizasyon travay.

* Nan dat 6 Novanm 2024, yon jij federal anile pwogram paròl KFT lan. Sa vle di Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini/U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) pa ka aksepte oswa pran desizyon sou okenn aplikasyon pou pwogram KFT la.

Èske ou te konnen?
Nan mwa Out 2024, plis pase 530,000 moun ki pa sitwayen te resevwa paròl atravè pwogram CHNV, selon Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè Etazini/U.S. Customs and Border Protection (CBP).

Mwen pèdi paròl mwen, oswa paròl mwen pral fini byento, epi mwen pa ka fè yon lot aplikasyon pou paròl; ki opsyon mwen genyen?

Gen lòt chemen ki ka disponib pou ou jwenn estati imigrasyon Ozetazini. Men kèk opsyon.

Estatim Pwoteksyon Tanporè/Temporary Protected Status (TPS)

TPS se yon benefis imigrasyon tanporè ki pèmèt moun ki pa sitwayen ki soti nan kèk peyi rete Ozetazini. Si ou kalifye, ranpli **Fòmilè USCIS I-821** ak dokiman ki nesesè pou aplikasyon an. Ou ka mande otorizasyon travay ak

Azil

Si yon moun ki pa sitwayen pè pèsekisyón oswa danje nan peyi yo, yo ka chèche azil. Ranpli **Fòmilè USCIS I-589** ak dokiman ki nesesè yo. Ou ka mande otorizasyon travay ak azil.

Imigrasyon ki depann de Fanmi ak Travay

Si yon moun ki pa sitwayen gen yon manm fanmi l ki se sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan legal (LPR), yo ka pètèt fè manm fanmi an fè yon petisyon pou yon grinn kat pou yo. Anplis de sa, yon moun ki pa sitwayen ka chèche fè konpayi y ap travay pou yo a vin yon sponsò pou yon grinn kat si yo satisfè sèten kondisyon.

Tanpri chèche èd nan men yon **avoka imigrasyon oswa yon Représantan Akredité Depatman Jistis/Department of Justice (DOJ)** pou pran yon randevou legal pou verifye si ou kalifye pou sa yo ak jwenn lòt fòm benefis ki ka disponib pou ou.

Pran Prekosyon Kont Fwòd Imigrasyon/Fwòd Notè: Notè publik nan Etazini yo pa avoka. Fè atansyon ak moun ki prepare aplikasyon imigrasyon oswa ki ba ou konsèy legal. Rapòte nenpòt fwòd imigrasyon bay USCIS.